Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 сонаялъул 9 февраль Рузман №8 (7822) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Районалъул бетIерасул барки



6 февралалда гьавураб къо кIодо гьабуна Дагъистаналъул споргалъулги физкультураялъулги министр, эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиялъул хIаязул призер, дунялалъул ва Европаялъул кIицIул чепион Сажид Сажидовас.

ХIурматияв Сажид ХалилрахIманович, дирго ва тIолго цIумадисезул рахьалъан баркула дуда мун гьавураб къо!

Къабул гьабе нижер ракIракIалъулаб барки.

Аллагьас кьеги дуе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Шапакъат

## Академик кIодо гьавуна пачалихъияб шапакъаталдалъун



ВатIаналъул гIелму цебетIеялъулъ лъураб къиматаб бутIаялъухъ, гIемер соназулаб пайдаяб захIматалъухъ ва Россиялъул гIелмабазул академиялъе къучI лъуралдаса 300 сон тIубаялда бан Россиялъул Президентасул указалдалъун 5 февралалда нилъер ракьцояв Россиялъул гIелмабазул академиялъул академик АсхIабов АсхIаб МухIамадович кIодо гьавун вуго «Орден Почета» абураб пачалихъияб шапакъаталдалъун.

Баркула АсхIаб МухIамадовичасда пачалихъияб шапакъат. Гьарула жеги цIиял пикраби, рагьиял ва гIелмиял церетIеял.

## 2024 сон- хъизаналъул лъагIел

## Хъизаналъул гьуинлъи- рукъалъул хазина

Нилъер улкаялда 2024 сон лъазабун буго хъизаналъул лъагIеллъун. Дагьаб цебе къватIибе бачIана РФялъул президент Владимир Путинил указ гIемер лъимал ругел хъизаналъул статусалъул хIакъалъулъ. Гьелда рекъон лъабго ва цIикIкIун лъимер бугеб хъизан нилъер улкаялда гIемер лъимал ругеблъун рикIкIунеб буго ва гьеб статус болжал тIагIунареблъун чIезабун буго.

ГIемер лъималазул хъизаналъе социалияб кумек гьабизе бихьизабун буго бищун кIудияб лъимералъ 18 сон, яги очно цIалулев вугони, 23 сон базегIан.

Гьединаб лъагIел Россиялда лъазаби ккола кIвар бугеб суаллъун. Сахаб ва щулияб хъизан ккола нилъер бечелъи, гьелда бараб букIуна улкаялъул букIинесебги. Ахираб заманалда хIукуматалъги гьел социалияб рахъалъ лъикI хьезарун руго. Нилъеда тIадаб ишлъун ккола хъизан щулияб ва талихIаблъун букIиналъе бачIунеб гIел куцай ва гьелъие рухIияб тарбия кьей. БачIунеб гIел ккола нилъерго тарихги, гIадаталги, гIаданлъиги, маданиятги, гьеб тун нахъиябги цебетIезабизе божилъи гьабун толеб гIел.

Хъизан ккола рокьул кьибил, лъималазе тарбия кьун гьел битIараб нухде ккезарулеб къучI. ГIемер руго гьединал талихIал, лъималазе лъикIаб тарбияги кьун, гьел гIумруялде рахъинарурал эбел -эмен. Руго лъималазе тIадегIанаб лъайги кьун, гьелги хъизан-рукъалде руссинарун, гьезул лъималазеги тарбия кьолел. Руго тохтурзабазул, мугIалимзабазул, юристазул ва гьединалго цогидал махщалилазул династияби.

КIикъогоги, кIикъоялда анцIгоги, гьелдасаги цIикIкIунги соназ гIумру цадахъги барал, рукъ цIурал лъималазе тарбияги кьурал, гьоркьоб рокьиги, хинлъиги, цоцазул адабги цIунараб хъизангун данделъараб мехалъ, рекIелъ кIудияб рохел рещтIуна ва гьездехун хIурмат бижула. Гьединал хъизамал гIемерлъаги нилъер.

Бокьун буго киназдаго баркизе хъизаналъул лъагIел ва гьаризе гьезие нусго сонилаб цадахъаб гIумру.

Гьединго бокьилаан нилъерго талихIал хъизаназул хIакъалъулъ газеталде макъалаби ритIизе.

**«ЦIумадисезул гьаракь»**

## Рамазан Рамазанов дандчIвана районалъул бетIергун

7 февралалда Агъвали районалъул бетIер Шамил ГIумаровгун дандчIвана нилъер ракьцояв, эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталъул мазгарул призер Рамазан Рамазанов.



КватIичIого Рамазан ва гьесул кIудиялав вац МухIамад гIахьаллъизе руго Болгариялъул командаялда гъорлъ Европаялъул чемпионаталда.

БукIинесеб чемпионаталде нух битIиялъе малъа-хъваялги гьарун, Шамил ГIумаровас Рамазан кIодо гьавуна къиматал сайгъатаздалъун.

## Конкурс

Администрация МР «Цумадинский район» объявляет конкурс на замещение вакантных должностей:

-специалист 1-ой категории аппарата администрации МР «Цумадинский район» - 1 шт.ед.

-главный специалист АТК администрации МР «Цумадинский район» - 1 шт ед.»:

В конкурсе могут принять участие лица, имеющие высшее образование, независимо от стажа работы. Участник конкурса должен обладать знаниями Конституции РФ и Конституции РД, законодательства Российской Федерации и Республики Дагестан применительно к исполнению соответствующих должностных обязанностей, а также навыками составления служебных писем и документов, ведения переговоров, владения необходимым программным обеспечением и компьютерной техникой.

Желающим принять участие в конкурсе необходимо представить в отдел правовой работы и информационных технологий администрации МР «Цумадинский район»:

-заявление на участие в конкурсе на имя главы района;

-собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографии;

-автобиографию;

-копии: паспорта или заменяющего его документа (подлинник соответствующего документа предъявляется лично по прибытии на конкурс) и документов о профессиональном образовании (подлинники соответствующих документов предъявляются лично по прибытии на конкурс), трудовой книжки, документа воинского учета, свидетельства о постановке физического лица на учет в налоговом органе по месту жительства, страхового свидетельства обязательного пенсионного страхования;

-документ об отсутствии у гражданина заболевания, препятствующего поступлению на работу, с указанием наличия ограничения трудовой деятельности (медицинская справка № 086);

-сведения о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера кандидата на должность, его супруги (супруга) и несовершеннолетних детей.

-предложения по совершенствованию деятельности соответствующего учреждения.

Документы для участия в конкурсе принимаются в течение 20 календарных дней со дня опубликования данного объявления в газете «Голос Цумады:

Подробную информацию об участии в конкурсе можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации МР «Цумадинский район» Республики Дагестан.

## Поэзия



**ПатӀимат Мухтарова,**
Хуштада росу

### ГӀагараб росу

ЩӀцӀерала гъуникье гъункараб росу
Найил тӀала гӀадин тӀатӀала лъураб.
Цоясул тӀохалда цоясул рагъи,
ЦӀакъ ракӀ гъун рукӀана ниж дуда цадахъ.

Дир лъимерлъиялъул лъалкӀалги цӀехон,
Щола дун пикрабалъ дирго росулъе,
Рохьазде, магъилъе, инсул рокъое,
Дие цӀакъ хирияв гьудулзабахъе.

Дир гӀагараб росу, росдал жамагӀат,
Щивдай чӀаго вугев, щивдай камурав.
Дие нуж киналго чӀаго рукӀина
Ахирисеб хӀухьел дир лъугӀинегӀан.

БукӀана замана дурги берцинаб,
Чан гӀелму цӀикӀарав устар вахъарав,
ЛъикӀал тохтурзаби, учительзаби,
Чанги гӀалимзаби дир росулъ гӀурал.

Дир хирияб ватӀан гьайбатаб улка,
ТӀабигӀат берцинаб гӀагараб росу,
Дуде бугеб чӀалгӀен дир буссиларо,
Сипат дур букӀина кидаго рекӀелъ.

Дий бокьун бугеб куц гьоболлъухь щвезе,
Элигъай бихьизе колокьи щвезе,
Дунял рогьарабго бачалги кьотӀун,
ТӀогьол авлахъалде балагьун чӀезе.

Гьанже духье щвезе дида кӀвеларо,
Дур чӀвадал рихьизе, чӀунти бихьизе,
Бокьун гьечӀо гьанже духъ балагьизе,
ХӀал дагьлъараб рослал ругънал рихьизе.

РукӀана бертаби рохел цӀикӀарал,
РукӀана зикраби ракӀ сородулел,
БукӀана кинабго, гьечӀо щибниги,
Щущан унеб буго хирияб росу.

ГӀолохъанлъиялъул завалалдаго,
Кьисматалъ дудаса ятӀа гьайурай,
Дур сипат кидаго рекӀелъ хутӀарай,
Къулула дуй бетӀер хирияб росу.

Дие рокьулелги, дун йокьулелги,
Дида цщим бугелги, дун рихаралги,
Дида лъаларелги, дун лъаларелги,
Рокьула нуж дие дир росуцоял.

* * *

Ахирисеб тӀамач дир гӀумруялъул,
Дица херлъиялде гали тӀамураб.
ТӀадегӀанав Аллагь чӀезабе заман,
Дуда цее чӀезе хӀадур гьечӀо дун,

Гьал кьварилъабигун кьеркьолей йикӀун,
Ахиралде щвана хирияб гӀумру.
Рии ун хасел щун, хасел ун ихх щун,
Хисана тӀабигӀат, хисана дунго,

СагӀтил кӀутӀи рагӀун туркӀула дир ракӀ,
Рогьунгеги сордо, лъугӀунгеги кьо,
Цодагьалъ хӀалхьуда те дир гьаб гӀумру.
Амма заманаялъ шурулеб буго,

Киназего гӀаммаб бугин гьаб закон,
ТӀабигӀат гӀуцӀарас, гӀуцӀун жиб лъураб,
Кидаго, лъицаго жиб хисулареб.
Дунялалъул гвангъи, гьелъул берцинлъи,

Гьанже цӀакъ хиралъун бугилан ккола.
Кьоял дагьлъаралгӀан, хиялал цӀикӀкӀун,
КӀудияб гьир буго черхалъ бачулеб.

## Нилъерал хасаб рагъулаб операциялда

# ВатӀан цӀунула унго-унгояв бихьинчияс

ГӀумрудул 17 сон тӀубайдал кӀиго нухалъ ана Чонтаулалда гӀумру гьабун вугев ТӀиндиса Лечи МухӀамадов Кизилюрталда рагъулаб комиссариаталде гӀарзаги хъван армиялде витӀеян, кӀиябго нухалъ нахъчӀвана гьев битӀараб гъоркьахӀетӀе букӀиналъ.

2022 соналъ Москваялда хӀалтӀулагоги хъван букӀана гьес госуслугалдаса гӀарза жив Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялде витӀеян.

Ахирги, араб соналъул ноябралда, контрактги хъван, ана гьев хасаб рагъулаб операциялда гӀахьаллъизе.

Жакъа Лечи МухӀамадов ккола отделениялъул командир, вагъулев вуго Донецкиялда Бахмуталъулаб рахъалда цебесеб кьерда.

Лъабго соналъ цӀалана гьев Хасавюрталда исламияб университеталда.



### Позывной «Горец»

ЦӀумадистаналъул ТӀинди гьавурав,
Чонтаул ракьалда гӀумру тӀамурав,
Чармилаб ракӀ бугев нижер багьадур,
ХӀинкъи щиб жояли гӀумруялъ лъачӀев.

ТӀоцебесеб номер Чонтаул школа
ЛъикӀал кьиматазда лъугӀизабуна.
Лъималазда гьоркьоб кьиматгун къадру
Дур гӀадаб букӀинчӀо, Лечи, лъилниги.

Бихьинаб гӀамалгун къвакӀараб дур ракӀ
Бугеблъи нижеда лъалеб букӀана.
Дурго эбел гӀадин нилъер ВатӀанги
Дуе бокьулеблъи ракӀ чӀун лъалаан.

Лъийго бетӀер дуца къулулареблъи,
ЦохӀо мун вижарав бичасе гуреб,
Лъаларев чи росуль вукӀинчӀо, Лейчи.
Чорхоль дур букӀана чилъи, гӀаданльи.

Лъай, гӀакълу дуй кьурал мугӀалимазги,
Кьимат дур гьабулеб букӀана, гьалмагъ.
Гьалмагъзаби дуе цӀакъ рокьулаан,
Рихарал рукӀана хӀалихьатчагӀи.

ГӀурусал ракьалда тезе гьечӀилан,
Россия жидеца щущахъ биххилин,
Украин ракьалда байбихьана рагъ,
Гъурулеб букӀана гӀурусазул халкъ.

ГурхӀулел рукӀинчӀо Украначистал,
Асирлъуде ккарал хьолел рукӀана,
БатӀалъи букӀинчӀо лъимал- чӀахӀиял,
ЧӀвалел гьел рукӀана гурхӀел гьечӀого.

Украфашистаца чӀегӀер накӀкӀ лъедал,
Нилъер ВатӀаналде тӀаде кьо ккедал,
ГӀарза хъван мун ана Украиналде,
Бендерфашистазде данде рагъ базе.

Рагъде ине ккани, букӀине ккола
Бихьинаб гӀамалгун жаниб чармил ракӀ,
БетӀергьан Аллагьас дуе кьун буго
Кьварараб каранлъ ракӀ, хӀинкъи лъалареб

ЛъачӀого вукӀине бендеразда мун,
«Горецилан» тӀокӀцӀар буго дуда лъун.
Лъимал, херал чӀвалел чӀвадарухъаби,
Гьанже дуца руго гурхӀел тун чӀвалел.

Дуца гьеб фронталда нацистал гъуре,
Нижеца тылалда гьабила кумек.
Капурго жив хваяв Зеленскияул
Зулмудул аскарал зонода гьорлъ лъе.

Нахъ вуссин лъалареб сапаралъ арав
Дудаса, Лейчи,н иж чӀухӀарал руго,
Дурго рухӀалдаса барахшичӀого,
Ниж цӀунизе арав нижер ракьцояв.

Чонтаул росулъги дур кьимат буго,
Кьимат буго дур ТӀинди росулъги
ТӀадгӀанав вуго мун нижер багьадур,
Дудаса чӀухӀула нилъер Дагъистан.

Чачаназ, лъарагӀаз магӀарулазги
Жакъа дур буго цӀар кӀалдиб бессулеб,
Мун цӀалун лъугӀараб цӀалулаб рокъоб
Дур партаялда цӀар дур буго гьанже.

Чонтаул школалъул директорас дур
Сурат буго бикӀун партаялда тӀад.
Щуйил кьиматазда цӀалулеб лъимер
Жакъа гьениб буго гӀодоб чӀезабун

Нилъ гӀайибал гьечӀо, битӀарал руго,
Бергьенлъиги нилъеца босизе буго.
Нижер мурад буго нижер багьадур,
Бергьенлъиги босун мун рокъов вуссин.

Какда хадуб дуе дугӀа гьабила,
Бичас мун цӀунеян,чӀаго хутӀаян.
Хехго рагъ лъугӀаян дица гьарила,
Бергьенлъи нилъей щун мун тӀад вуссине.

**Муса МухӀамадов,** ТӀинди росу

## Кици

*Рагъде лъутизе гурелила унел, рагъизейила.

*КӀийидеги рекъав цо рагъухъан рагъде унев вукӀанила. Данде ккарас гьеда абунила:*

*-Ле талихӀкъад! Лъутизе ккани, дуца щиб гьабилеб? Бищун цеве хадув гъурас чӀван рехила гури мун!*

*-Рагъде лъутизе гуро унел, рагъизеги бергьинеги уна!-ян жаваб кьунила рекъав рагъухъанас.*

*Рагъда щив бергьаравали, рагъ лъугӀидал лъала, чӀужуялъ васищ гьавилевали, кьинлъидал лъала.

*Рагъде вахьиналде мунгоги лъай, дурго тушманасул кьуватги лъай.

*БахӀарчи хӀинкъи бугеб кьоялъ лъала.

*БахӀарчиясул цӀар кибего рагӀула.

# Меры и формы государственной поддержки

В рамках государственной программы Республики Дагестан «Экономическое развитие и инновационная экономика» субъекты малого и среднего предпринимательства РД могут воспользоваться следующими мерами государственной поддержки:

-предоставление субсидий для субсидирования части затрат субъектов малого и среднего предпринимательства, связанных с уплатой процентов по кредитам. Субсидии предоставляются на оплату части процентов за использованную часть кредитов, не превышающую 10 миллионов рублей, и на срок, не превышающий 36 месяцев;

-предоставление субсидий для субсидирования части затрат субъектов малого и среднего предпринимательства связанных с уплатой первого взноса при заключении договора лизинга оборудования. Субсидия одному претенденту предоставляется один раз в календарный год единовременно по одному или нескольким договорам лизинга в размере 70 процентов от суммы первого взноса по договорам лизинга, без учета налога на добавленную стоимость, но не более 1,0 млн. рублей;

-предоставление субсидий субъектам малого и среднего предпринимательства в области социального предпринимательства. Субсидия одному получателю предоставляется в размере 70 процентов, но не более 500,0 тысяч рублей от суммы расходов:понесенных не позднее чем за год, предшествующий дате подачи заявки, и связанных с арендой и покупкой помещения, земельного участка, приобретением оборудования, мебели и инвентаря, используемых для осуществления деятельности в сфере социального предпринимательства; приобретением программного обеспечения, оргтехники и иной техники, необходимой для обеспечения деятельности; обучением сотрудников по виду деятельности в учреждениях, имеющих лицензию на осуществление образовательной деятельности; приобретением и установкой средств противопожарной безопасности, пожарной и охранной сигнализации; участием в конкурсах и соревнованиях (уплата регистрационных сборов, проживание участников), -предоставление субсидий субъектам малого и среднего предпринимательства в целях возмещения части затрат, связанных с участием в выставочно - ярмарочных мероприятиях. Субсидия одному получателю предоставляется в размере 70 процентов, но не более 500,0 тысяч рублей от суммы расходов, понесенных не позднее чем за год, предшествующий дате подачи заявки, и связанных с оплатой регистрационных взносов (сборов); арендой выставочных площадей; арендой выставочного оборудования.

Микрофинансовая компания «Фонд микрофинансирования и лизинга РД» функционирует по двум направлениям: предоставление лизинга и выдача микрозаймов.

Оборудование, спецтехника и транспорт предоставляются в лизинг сроком до 7 лет, первоначальный платеж- от 10%. Среднегодовое удорожание предмета лизинга составляет 6%.

Минимальный и максимальный размер микрозайма для субъектов малого и среднего предпринимательства устанавливаются в соответствии с условиями видов микрозаймов, в пределах не менее 100,0 тыс. рублей и не более 5,0 млн рублей, для самозанятых - не более 1,0 млн. рублей.

Процентная ставка по займам: ключевая ставка Банка России, не более 9% годовых. Минимальный срок предоставления микрозайма - 6 месяцев, максимальный -3 года. Для поддержки субъектов предпринимательства республики, пострадавших от санкций, введенных в отношении Российской Федерации, а также в целях обеспечения доступности заемных средств, в настоящее время в Фонде действует льготный микрозайм по ставке 2,5% годовых сроком на 2 года:

**М. Куратмагомедов**

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» на 2023г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | 2023год(сумма) | Уточн. назнач. | | % |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | НДФЛ | 34,3 | 34,3 | 42,6 | 124,2 |
| 2 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 6,0 | 6,0 | -16,7 | -278,3 |
| 3 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 7,0 | 7,0 | -7,7 | -110,0 |
| 4 | 18210503010011000110 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 0,3 | 15,0 |
| 5 | 18211705010016000110 | Неналоговые доходы | 40,0 | 40,0 | 40,0 | 100,0 |
| 6 | 00111701050100000180 | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | | 89,3 | 89,3 | 58,5 | 65,5 |
| | | Трансферты | | | | |
| 1 | 00120215001100000150 | Объем дотаций | 1845,0 | 1845,0 | 2165,0 | 117,3 |
| 2 | 00120215001100000150 | Дотация на част. компен-ю | | 1618,3 | 1618,3 | 100,0 |
| 3 | 00120203015100000150 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | 00120203003100000150 | Субвен. ВУС | 137,0 | 137,0 | 140,0 | 102,2 |
| | | Итого | 1982,0 | 3600,3 | 3923,3 | 109,0 |
| | | Всего доходов | 2071,3 | 3689,6 | 3981,8 | 107,9 |
| | | Расходы: | | | | |
| 1 | 00101049900010040000 | Аппарат | 1052,3 | 2670,6 | 2548,5 | 95,4 |
| | 00101049900010040121 | в т.ч. зарплата | 807,0 | 807,0 | 680,0 | 84,3 |
| 2 | 00102039980051180000 | ВУС | 137,0 | 140,0 | 140,0 | 100,0 |
| | 00102039980051180121 | в т.ч. зарплата | 128,0 | 130,0 | 130,0 | 100,0 |
| 3 | 00105039900040000000 | ЖКХ | 592,1 | 912,1 | 599,7 | 65,7 |
| 4 | 00108019900080010000 | Культура | 289,9 | 289,9 | 158,4 | 54,6 |
| | 00108019900080010111 | в т.ч. зарплата | 140,5 | 231,6 | 81,8 | 35,3 |
| | | Всего расходов | 2071,3 | 4223,6 | 3446,6 | 81,6 |
| | | в т.ч. зарплата | 2127,8 | 1168,6 | 891,8 | 76,3 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Верхнегакваринский» С.Сулейманов**

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Гадиринский» на 2023г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | 2023 год (сумма) | Уточн. назнач. | | % |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | НДФЛ | 22,3 | 22,3 | 9,5 | 42,6 |
| 2 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | -38,1 | -1905,0 |
| 3 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 5,0 | 5,0 | -18,2 | -364,0 |
| 4 | 18210503010011000110 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5 | 18211705010016000110 | Неналоговые доходы | 50,0 | 50,0 | 20,0 | 40,0 |
| 6 | 00111701050100000180 | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | | 82,3 | 82,3 | -26,8 | -32,6 |
| | | Трансферты | | | | |
| 1 | 00120215001100000150 | Объем дотаций | 1662,0 | 1737,0 | 1737,0 | 100,0 |
| 2 | 00120215009100000150 | Дотация на част. компен-ю | | | | |
| 3 | 00120203015100000150 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | 00120203003100000150 | Субвен. ВУС | 132,0 | 132,0 | 132,0 | 100,0 |
| | | Итого | 1794,0 | 1869,0 | 1869,0 | 100,0 |
| | | Всего доходов | 1876,3 | 1951,3 | 1842,2 | 94,4 |
| | | Расходы: | | | | |
| 1 | 00101049900010040000 | Аппарат | 1057,0 | 1057,0 | 1038,8 | 98,3 |
| | 00101049900010040121 | в т.ч. зарплата | 952,0 | 952,0 | 883,8 | 92,8 |
| 2 | 00103099900010070000 | Выборы | | 100,0 | 100,0 | |
| 3 | 00102039980051180000 | ВУС | 132,0 | 132,0 | 132,0 | 100,0 |
| | 00102039980051180121 | в т.ч. зарплата | 125,0 | 101,0 | 101,0 | 100,0 |
| 4 | 00105039900040000000 | ЖКХ | 548,8 | 464,7 | 464,7 | 100,0 |
| 5 | 00108019900080010000 | Культура | 138,5 | 138,5 | 138,5 | 100,0 |
| | 00108019900080010111 | в т.ч. зарплата | 138,5 | 138,5 | 138,5 | 100,0 |
| | | Всего расходов | 1876,3 | 2103,2 | 1874,0 | 89,1 |
| | | в т.ч. зарплата | 2272,5 | 1191,5 | 1123,3 | 94,3 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гадиринский» М. Гитинмагомедов**

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» на 2023г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | 2023 год (сумма) | Уточн. назнач. | | % исполн. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | НДФЛ | 17,2 | 17,2 | 32,6 | 189,5 |
| 2 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 8,0 | 8,0 | -71,5 | -893,8 |
| 3 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 2,0 | 2,0 | -26,1 | -1305,0 |
| 4 | 18210503010011000110 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | | 0,0 |
| 5 | 18211705010016000110 | Неналоговые доходы | 70,0 | 70,0 | 56,0 | 80,0 |
| 6 | 00111701050100000180 | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | | 99,2 | 99,2 | -9,0 | -9,1 |
| | | Трансферты | | | | |
| 1 | 00120215001100000150 | Объем дотаций | 1639,0 | 2199,0 | 2199,0 | 100,0 |
| 2 | 00120215009100000150 | Дотация на част. компен-ю | | | | |
| 3 | 00120203015100000150 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | 00120203003100000150 | Субвен. ВУС | 130,0 | 130,0 | 130,0 | 100,0 |
| | | Итого | 1769,0 | 2329,0 | 2329,0 | 100,0 |
| | | Всего доходов | 1868,2 | 2428,2 | 2320,0 | 95,5 |
| | | Расходы: | | | | |
| 1 | 00101049900010040000 | Аппарат | 1217,4 | 1214,7 | 1048,7 | 86,3 |
| | 00101049900010040121 | в т.ч. зарплата | 7230,7 | 7230,7 | 851,1 | 11,8 |
| 2 | 00102039980051180000 | ВУС | 130,0 | 130,0 | 130,0 | 100,0 |
| | 00102039980051180121 | в т.ч. зарплата | 130,0 | 130,0 | 125,0 | 96,2 |
| 3 | 00105039900040000000 | ЖКХ | 291,9 | 291,9 | 898,3 | 307,7 |
| 4 | 00107079900070000000 | Молодёжная политика | | | | |
| 5 | 00108019900080010000 | Культура | 231,6 | 231,6 | 256,3 | 110,7 |
| | 00108019900080010111 | в т.ч. зарплата | 231,6 | 231,6 | 246,8 | 106,6 |
| | | Всего расходов | 1870,9 | 2079,2 | 2333,3 | 112,2 |
| | | в т.ч. зарплата | 8809,7 | 7592,3 | 1222,9 | 16,1 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Инхокваринский» М. Хучбаров**

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Агвали»на 2023г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | 2023 год (сумма) | Уточн. назнач. | | % |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | НДФЛ | 882,4 | 882,4 | 813,6 | 92,2 |
| 2 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 130,0 | 130,0 | 36,0 | 27,7 |
| 3 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 73,0 | 73,0 | -61,0 | -83,6 |
| 4 | 18210503010011000110 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | -0,3 | -15,0 |
| 5 | 18211705010016000110 | Неналоговые доходы | 32,0 | 32,0 | 0,0 | 0,0 |
| 6 | 00111701050100000180 | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | | 1119,4 | 1119,4 | 788,3 | 70,4 |
| | | Трансферты | | | | |
| 1 | 00120215001100000150 | Объем дотаций | 7234,0 | 8529,0 | 8529,0 | 100,0 |
| 2 | 00120215009100000150 | Дотация на част. компен-ю | | | | |
| 3 | 00120203015100000150 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | | |
| 4 | 00120203003100000150 | Субвен. ВУС | | | | |
| | | Итого | 7234,0 | 8529,0 | 8529,0 | 100,0 |
| | | Всего доходов | 8353,4 | 9648,4 | 9317,3 | 96,6 |
| | | Расходы: | | | | |
| 1 | 00101049900010040000 | Аппарат | 1750,0 | 1750,0 | 1702,4 | 97,3 |
| | 00101049900010040121 | в т.ч. зарплата | 1120,0 | 1120,0 | 1293,0 | 115,4 |
| 2 | 00103099900010070000 | Резервный фонд | 100,0 | | | |
| 3 | 00103049980059300000 | ФК и спорт | 100,0 | | | |
| | 00102039980051180121 | в т.ч. зарплата | | | | |
| 4 | 00105039900040000000 | ЖКХ | 6403,4 | 7893,5 | 7893,5 | 100,0 |
| 5 | 00107079900070000000 | Молодёжная политика | | | | |
| 6 | 00108019900080010000 | Культура | | | | |
| | | Всего расходов | 8253,4 | 9854,5 | 9595,9 | 97,4 |
| | | в т.ч. зарплата | 2870,0 | 1120,0 | 1293,0 | 115,4 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Агвали» С. Гаджимагомедов**

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Хваршинский» на 2023г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | 2023 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Уточн. назнач. | | % исполн. |
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | Налог на дох. физ. лиц | 24,3 | 24,3 | 30,0 | 123,5 |
| 2 | 18210606043101000110 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | -89,2 | -4460,0 |
| 3 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 2,0 | 2,0 | -12,8 | -640,0 |
| 4 | 18211705010016000110 | Прочие налоги(неналоговые) | 80,0 | 80,0 | 80,0 | 100,0 |
| 5 | 18210503000011000110 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 0,0 | 2,0 |
| | Итого собственные доходы | | 110,3 | 110,3 | 8,0 | 7,3 |
| | | Трансферты | | | | |
| 1 | 00120201001100000151 | Объем дотаций | 1690,0 | 1990,0 | 1990,0 | 100,0 |
| 2 | 00120203003100000151 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| 3 | 00120203015100000151 | Субвен. ВУС | 131,0 | 131,0 | 131,0 | 100,0 |
| 4 | | недоданная сумма | | | | |
| | | Итого | 1821,0 | 2121,0 | 2121,0 | 100,0 |
| | | Всего доходов | 1931,3 | 2231,3 | 2129,0 | 95,4 |
| | | Расходы: | | | | |
| 1 | 00101040020400500000 | Аппарат | 1057,7 | 898,7 | 898,7 | 100,0 |
| | 00101040020400500211 | в т.ч. зарплата | 821,1 | 697,3 | 697,3 | 100,0 |
| 2 | 18702030013600500000 | ВУС | 131,0 | 131,0 | 131,0 | 100,0 |
| | 18702030013600500211 | в т.ч. зарплата | 96,0 | 96,0 | 96,0 | 100,0 |
| 3 | 13205036000000500000 | ЖКХ | 455,7 | 759,7 | 759,7 | 100,0 |
| 4 | 07407074130100500000 | Молодёжная политика | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5 | 05408014400000012000 | Культура | 266,9 | 265,4 | 265,4 | 100,0 |
| | 05408014400000012211 | в т.ч. зарплата | 203,9 | 203,9 | 203,9 | 100,0 |
| 6 | 17511050020400500000 | ФК и спорт | 20,0 | 20,0 | 20,0 | 100,0 |
| | | Всего расходов | 1931,3 | 2074,8 | 2074,8 | 100,0 |
| | | в т.ч. зарплата | 1121,0 | 798,9 | 997,2 | 124,8 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Хваршинский» З. Бадрудинов**

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Сильди»на 2023г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Код бюджетной классификации | Наименование показателей | 2023 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Уточн. назнач. | | % |
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | 18210102021011000110 | Налог на дох. физ. лиц | 12,3 | 12,3 | 24,8 | 201,6 |
| 2 | 18210606013101000110 | Земельный налог | 2,0 | 2,0 | -75,1 | -3755,0 |
| 3 | 18210601030101000110 | Налог на имущества | 2,0 | 2,0 | -26,4 | -1320,0 |
| | 18211705010016000110 | Прочие налоги(неналоговые) | 40,0 | 40,0 | 40,0 | 100,0 |
| 4 | 18210503000011000110 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 | 100,0 |
| | Итого собственные доходы | | 58,3 | 58,3 | -34,7 | -59,5 |
| | | Трансферты | | | | |
| 1 | 00120201001100000151 | Объем дотаций | 914,0 | 1196,7 | 1196,7 | 100,0 |
| 2 | 00120203015100000151 | Субвен. ВУС | 127,0 | 127,0 | 127,0 | 100,0 |
| 3 | 00104129990020680244 | вопросы в облости нац. Экон. | | | | |
| | | Итого | 1041,0 | 1323,7 | 1323,7 | 100,0 |
| | | Всего доходов | 1099,3 | 1382,0 | 1289,0 | 93,3 |
| | | Расходы: | | | | |
| 1 | 00101040020400500000 | Аппарат | 704,2 | 766,3 | 766,3 | 100,0 |
| | 00101040020400500211 | в т.ч. зарплата | 519,0 | 519,0 | 519,0 | 100,0 |
| 2 | 18702030013600500000 | ВУС | 127,0 | 127,0 | 127,0 | 100,0 |
| | 18702030013600500211 | в т.ч. зарплата | 96,0 | 96,0 | 96,0 | 100,0 |
| 3 | 13205036000000500000 | ЖКХ | 299,1 | 429,3 | 429,3 | 100,0 |
| 4 | 07407074130100500000 | Молодёжная политика | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5 | 05408014400000012000 | Культура | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 6 | 05408014400000012211 | в т.ч. зарплата | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 7 | 17511050020400500000 | ФК и спорт | 10,0 | 10,0 | 10,0 | 100,0 |
| | | Всего расходов | 1140,3 | 1332,6 | 1332,6 | 100,0 |
| | | в т.ч. зарплата | 615,0 | 615,0 | 615,0 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Сильди» А. Абдурахманов**

# Порядок приема, регистрации и разрешения в органах внутренних дел заявлений и сообщений о преступлениях

Приказом МВД России установлен порядок приема, регистрации и разрешения в органах МВД РФ заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях, а также обжалования действий сотрудников полиции и иных правоохранительных органов.

Поступившее в орган внутренних дел сообщение или заявление о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях, незамедлительно заносится в книгу учета заявлений и сообщений о происшествиях и присваивается ему соответствующий регистрационный номер.

Поступающие сообщения граждан о происшествиях, об административных правонарушениях или о преступлении вне зависимости от места и времени совершения происшествий, а также полноты содержащихся в них сведений и формы представления, круглосуточно принимаются в дежурной части органа внутренних дел (тел. 99-48-29, с мобильного телефона без кода или 8 963 410 52 51 и 8 999 418 5303), также на оператор местной связи 2-52-34 код (273). Сообщения принимаются и по единому номеру вызова экстренной помощи по телефону 112. Сообщение о происшествии может поступать в орган внутренних дел лично от заявителя, нарочным, по почте, по телефону, телеграфу, информационным системам общего пользования, факсимильным или иным видом связи.

Для приема сообщений в электронной форме работает портал государственных услуг. Вне органов внутренних дел сообщения о происшествиях обязаны принимать любые сотрудники органов внутренних дел, которые действуют в соответствии с требованиями, установленными Законом Российской Федерации «О полиции». При этом сотрудник фиксирует сведения о заявителе. Письменное заявление о преступлении может быть составлено заявителем в произвольной форме. В заявлении о преступлении заявитель предупреждается об уголовной ответственности по статье 306 Уголовного кодекса РФ за заведомо ложный донос.

Сотрудник органа внутренних дел, принявший сообщение от заявителя, указывает в заявлении дату и время получения сообщения, сведения о заявителе, а также свою фамилию, инициалы, должность и заверяет своей подписью.

Если происшествие не относится к компетенции органов внутренних дел или происшествие произошло на территории обслуживания другого органа внутренних дел, то все имеющиеся материалы после регистрации в книге учета сообщений передаются по последственности или в суд (по делам частного обвинения). Одновременно принимаются необходимые меры по предотвращению или пресечению правонарушения, а равно по сохранению следов правонарушения.

Если по результатам проверки усматриваются признаки состава преступления частного обвинения, то в соответствии с законодательными и иными нормативными правовыми актами РФ заявление и материалы проверки с сопроводительным письмом направляются мировому судье (за исключением случаев выявления признаков состава преступления, предусмотренного статьей 115 «Умышленное причинение легкого вреда здоровью» или статьей 116 «Побои» Уголовного кодекса Российской Федерации, когда лицо, подлежащее привлечению к ответственности, потерпевшему не известно).

Заявитель письменно информируется о принятом решении или о передаче его сообщения по последственности или в суд в течение суток с момента принятия решения. При этом заявителю разъясняется его право обжаловать данное решение и порядок его обжалования.

Если сообщение о происшествии поступило в орган внутренних дел при личном обращении заявителя, то одновременно с регистрацией сообщения оперативный дежурный оформляет талон-уведомление и выдает его заявителю.

В случае отказа в приеме заявления в дежурной части заявитель имеет право обратиться к должностным лицам, осуществляющим контроль за своевременностью, полнотой регистрации и соблюдением сроков рассмотрения сообщений о происшествиях, а также в случаях не согласия с принятым решением по результатам рассмотрения сообщения о происшествии заявитель имеет право обжаловать решение прокурору района. (тел. 3-52-12 или по телефону горячей линии МВД России 98-48-48.

**Пресс-служба ОМВД РФ по Цумадинскому району**

## Лъайкьей

# Ингилис мацIалъул учительзабазул семинар

Гьал къояз Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали гимназиялда тIобитIана районалъул школазул ингилис мацIалъул учительзабазул семинар. Гьенив гIахьаллъана ингилис мацIалъул анцIила анкьго учитель.

Семинаралъул гIахьалчагIи щвана Лъондода школалъул учительница ХIасанова Мадинал 4 классалда ва 3 классалда Агъвали гимназиялъул мугIалим Русланова ПатIиматил рагьарал дарсазде, гьединго гьел гIахьаллъана «Аладинил хIикматаб чирахъ» абураб темаялда тIаса Агъвали гимназиялъул мугIалим МухIамадова ПатIимат СилахIудиновалъ тIобитIараб классалдаса къватIибехунисеб тадбиралда.

Лъайкьеялъул управлениялъул методист Хадижат Камиловалъ ва ингилис мацIазул учительзабазул куратор-методист ПатIимат МуртазагIалиевалъ тIоритIана пленариял данделъаби. Гьенир гьоркьор лъуна жакъа къоялъ школазда ингилис мацI малъиялда сверухъ дандчIвалел захIамалъабазул. Гьелда сврухъ кIалъаял гьаруна ТIинди росдал школалъул учительница Самира МухIамадовалъ, ТIисси росдал школалъул учитель Анвар МухIамаднабиевас ва Агъвали гимназиялъул учительница ПатIимат МуртазагIалиевалъ.

Ахиралда гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда рачана семинаралъул хIасилал. Семинаралъул гIахьалчагIаз баркала загьир гьабуна Агъвали гимназиялъул коллективалъе тадбир гIуцIиялъулъ гьабураб кумекалъухъ.

**П. МуртазагIалиева,** лъайкьеялъул управлениялъул методист

**Утерянный диплом СТ №139689, регистрационный номер 1159, выданный Буйнакским медицинским училищем 7 марта 1992 года на имя Расуловой Патимат Джалалудиновны, считать недействительным.**

## Зигара

30 январалда Аллагьасул къадар щун ахираталъул рокъове ана жиндир гIумру гIелмуялъулъ арав, Аллагь жинда гурхIаяв гIалимчи СаидхIусен-хIажи ПирмухIамадов.

Гьев вукIана лъимерлъиялдасаго нахъа гIелму бокьарав, доб хIинкъи цIикIкIараб заманалда балъго, вахчун гIелму цIаларав щаихзабазул ирсилав.

КIикъоялдасаги цIикIкIун соназ гьабуна гьес дибирлъи Хуштада, Агъвали ва Астраханалда. Гьев лъалаан жив цохIо Аллагьасдасан гурони хIинкъи гьечIев гIалимчи хIисабалда, чи ватIа гьавичIого, ккаралъуб рагIи бадибе абулевлъун, хиянатлъи хIехьоларев инсанлъун. Агъвали росдае дибирлъи гьабулаго гIемераб хIалтIи гьабуна гьес дин-исламалда сверухъ.

СаидхIусен-хIажи вукIана гIадамазеги жамагIаталъеги вокьулев, гьезда гьоркьов къадру-къиматги бугев, жиндир къавулъан къварилъи босун рачIарал гьалбалги камуларев, рохелалъулъги къварилъиялъулъги ватулев хIакъикъияв лагъ.

Гьес фарз борхи ккана районалъего кIудияб камилъун. Нижеца зигара балеб буго гьесул хъизан-лъималазда, гIагарлъиялда ва Хуштада росдал жамагIаталда. Аллагьас алжан бакьулъ хIалхьизавизесев ватаги.

**Районалъул жамагIат**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1480
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru